# ҚАРАҚАЛПАҚ ТУРМЫС ЕРТЕКЛЕРИНДЕ ДӘСТҮРИЙ ЭПИКАЛЫҚ ФОРМУЛАЛАР

**Жақсымуратова Маржангүл Қазахбаевна**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик Университети, Нөкис*

Қарақалпақ фольклортаныў илиминде бүгинги күнде өзиниң жаңаша изертлениўин күтип турған қурамалы мәселелердиң бири ертеклердиң соның ишинде турмыс ертеклериниң үйренилиўи мәселеси екенлиги белгили. Қарақалпақ турмыс ертеклериниң көркем структурасын шөлкемлестириў поэтикалық конструкциялардың арасында дәстүрий сөз басы (алғы сөз) менен дәстүрий басламаларға айрықша итибар қаратыў шәрт.

Турмыс ертеклериниң басламаларының өзи арнаўлы үйренилиўи лазым. Себеби ертеклердиң басланыўында белгили бир нызамлықлар бар екенлиги белгили болады.

Дәстүрлик сөз басылары яғный алғы сөзлердиң ертек қурылысында поэтикалық орны менен эстетикалық әҳмийети үлкен. Атап өтиў керек, ертектиң сюжетине пүткиллей байланыслы болмаған алғы сөзлердиң өзгешеликлери айрықша итибарға ылайық. «Жети саяқ аш дийқан» ертеги былайынша басланғанлығы мәлим: «Бурынғы өткен заманларда бир елде бир аш дийқан ҳәм жети саяқ турады екен» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 350]. Демек, ертек хронологик басламаларға ийе болып, онда ўақыт ҳәм мәкан анық атап көрсетиледи. Сондай-ақ бас қаҳарманның, яғный дийқанның аты-жөни айтылмайды, бул арқалы улыўмалық сыпатқа ийе образ жаратыў нәзерде тутылғанлығы мәлим, оның кәсип-кәри, анығы дийқаншылық пенен күн көретуғынлығы айтылады.

Демек, басламаның аралас түри екенлигин белгилеў зәрүр. «Адамның өмири» ертегин үйренип қараў арқалы да турмыс ертеклерине тән болған өзгешеликлер туўралы жуўмақлар шығарыў мүмкиншилиги пайда болады. Ертек «Әййемги заманларда» деген турақлы формулалар менен басланады, яғный ўақыт анық көрсетиледи, лекин, ўақыялар болып өтетуғын мәкан анық емес.

Қарақалпақ турмыс ертеклериниң көркем текстлерин тутас таллап қарағанлымызада, бизде бирнеше түрлерге ажыратыў керек екенлигин аңғардық.

Ертек сюжетине байланыссыз сөз баянланыўы. Бунда сажь усылының орны гиреўли. Мысалы: «Ақыллы қатын» ертегиндеги:

*«Ертегим ертек,*

*Қулағым шертек,*

*Бири ырас болса, бири өтирик»,* – деген шағын ғана сөз бунық айқын дәлили бола алады [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 256].

Бунда поэзиялық шығармадағы тәризли сөзлер уйқасқа түсип тур. Поэтикалық тәкирарлаўлар арқалы сөз басының көркемлиги тәмийинленеди: «Ерте-ертеде ел өмири, келетеде халықы хан бийлеген халық зар әйлепти», – деген ҳәм аллитерация пайдаланылған сөз басы «Ақыллы ғарры» ертегинен алынады [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 332].

Ертектиң сюжетине байланыссыз сөз басының хызмети соннан ибарат, олар тыңлаўшыларды таярлайды, айтыўшының сөзиниң де айтыў шеберлигин арттырып еситкенлердиң ҳәм отырғанлардың дыққатын күшейтеди, тәсиршеңлик артады. Ертеклердиң атқарыўшыларының шеберлиги менен тиккелей қатнаслы болған бир қубылыс ретинде сөз басының әҳмийети үлкен.

Ертелердиң композициялық дүзилисиндеги сөз басында келетуғын формулалардың турақлы түрде келиўи, және оның ертек қурылысындағы әҳмийетин ҳасла бийкарлап бомайды.

Сыйқырлы ертеклердеги сөз басылар менен салыстырғанда турмыс ертеклериндеги сөз басылардың қолланыў өриси бир қанша шекленгенлигиниң гүўасы боламыз. «Гүлзийба» атлы сыйқырлы ертекте «Бир бар екен, бир жоқ екенде тоқ екен, ала ғарға азашы екен, қара ғарға қазаншы екен» деген сөз басында белгили дәрежедео бразлар системасы бар екенлиги көринеди.

Солай етип дәстүрий формулалардың бир түри сыпатында сөз басылар ертеклердиң  текстинде сақланып киятырғанлығын көремиз.

Сөз басылардың тыңлаўшыларға арналғанлығын, айтыўшылар, яғный ертекшилер дөретпениң тәсиршеңлигин арттырыў мақсетинде қолланғанлығын есапқа алып, әсиресе, Хорезм халық ертеклерин ҳәр тәреплеме изертлеген Ж.Юсуповтың жуўмақлаларына таянған ҳалда, Қарақалпақ турмыс ертеклериндеги сөз басыларды тутас анализге тартыў талап қылынады.

Белгили илимпаз Н.Дәўқараев ертекши ҳаққында өз пикиринде буған дыққат қаратқанлығы мәлим [Дәўқараев Н., 1977. – 175]. Ол қарақалпақ ертеклериниң басланыўы өзгеше болып келетуғынлығына итибар қаратты ҳәм: «Ертеклердиң барлығы да ертектиң не ҳаққында айтылатуғынлығын билдиретуғын улыўмалық жоллама сөзлерден басланады. Буның мақсети ертектиң не жөнинде айтылатуғынлығын тыңлаўшыға алдын ала аңлатыў болады» [Дәўқараев Н., 1977. – 175], – деп жазады.

Әдетте бүгинги күнде алымның «Жоллама сөзлер» деген атамасын қолланыў мүмкин емес, лекин оның биринши болып бул әдебий ҳәдийсеге итибар аўдарғанлығының өзи қунлы.

Қ.Айымбетовтың «Халық даналығы» деген китабында да басламалар туўралы қысқа ғана сөз етиледи [Айымбетов Қ., 1988. – 32]. Демек, бул еки

фольклор изертлеўшисиниң атап өткениндей ертеклердиң жанрлық өзгешелигин көрсетиўде басламалардың орны гиреўли.

Дәстүрий хронологиялық баслама. Бул қарақалпақ ертеклеринде жийи гезлеседи. Мысалы, «Шебер қыз» ертеги «Бурынғы өткен заманда бир залым патша болыпты, [Қарақалпақ фольклоры., 2014. – 285], – деп басланады. «Аңқаў ғарры» ертеги «Бурынғы өткен заманда бир кемпир менен ғарры турмыс кеширипти» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 276], – деп хронологиялық баслама менен басланса, «Тазша балаға табылған қыз» ертеги де «Бурынғы өткен заманда бир байдың жалғыз баласы болыпты» сөзлери менен ўақытты аңлатыўдан баслайды. Ал, «Шыбын патшасы» ертегиде «Бурынғы өткен заманда бир патша бар екен» сөзлери менен басланған [Дәўқараев Н., 1977. – 288].

Сыйқырлы ертеклерде де «Бурынғы өткен заманда» деп басланыўшы басламалар бир қанша көркемлиги менен ажыралып туратуғынлығын белгилеў зәрүр. Мысалы: «Төрт Абдулла» ертегиндеги «Бурынғы өткен заманда патша менен ханлардың дәўиринде, биреўде бар, биреўде жоқ ўақытларда бир ғарры менен кемпир болған екен» [Дәўқараев Н., 1977. –348]. «Нан уллы ма, қуран уллы ма?» деп аталған ертекте «Бир күни бир топар адамлар арасында қуран уллы ма, нан уллы ма? - деген тартыс болып» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 271], – деген басламаларға ийе.

«Мәсләҳат» деген ертектеги хронологиялық баслама «Бир күни» деп басланыўшы ең көркем үлги ретинде тән алынады. Мысалы: «Бир күни бир бай өзи өлгенде қалай көмиў жөниндеги балаларының, қызларының пикирин билейин деп кемпирин, үш баласын, еки қызын шақырып, өз ошағында мәсләҳат жасайды» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 334].

«Ҳайўанатлар» ҳаққындағы ертеклерден бири болған «Сумлықлы шағал» ертеги де «Бир күни» деген сөз бенен басланғанлығын көремиз [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 185].

Демек, ертектеги көркем ўақыт мәселеси өзгеше болыр, онда анық аралық емес, ал улыўмалық сыпатқа ийе ўақыт бирлиги берилгенлиги мәлим. Хронологиялық басламаның биографиялық баслама менен қосылып келиўи «Дәўмен уўайымшы» ертегинде анық бериледи. Өткен ўақытта Дәўмен деген бир жигит болады. Ол үлкен атақлы байдың баласы болады» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 340].

Дәстүрий биографиялық басламаның үлгиси «Инта пәрий деп аталыўшы» турмыс ертегинде орын алған: «Бурынғы өткен заманда Сақыпқыран деген киси болыпты. Бул адамның Инта пәрий деген қызы болған екен. Қыз анасынан туўылғаннан-ақ ай десе аўзы, күн десе көзи бар сондай бир сулыў қыз болып өсипти. Сол себепли халық қызға Инта пәрий деп ат қойыпты.

Сақыпқыран болса саўдагерлик етип саўда сатық ислейди екен» [Дәўқараев Н., 1977. – 233]. Бир қанша көлемли болған бул биографиялық басламада қаҳарманның аты, шаңарақ машақаласы, перзенти ҳаққында мағлыўматлар жәмленгенлиги көринеди. Сондай-ақ, «Шопанның қызы» ертегинде де «Бир шопанның кәри мал бағыў болады» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 331], – деп биографиялық басламаның қысқа түри қолланылғаныны көремиз.

Басламаның аралас түри. Бул қарақалпақ ертеклеринде жийи гезлеседи, мысалы, «Уста Шәмший ҳәм ҳаялы» ертегинде: «Әййемги заманда бир қалада Нур деген уста болыпты» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 280], – деп басланады. Бунда «Әййемги заманда» дегени хронологиялық, ал «Бир қалада», яғный шәҳарде тиришилик етиўши қаҳарманның мәканы анықланыўы топографиялық, «Нур деген бир уста болыпты», – деп аты-жөни, кәсип-кәрининң көрсетилиўи биографиялық басламалардан ибаратлығы, яғный барлық мағлыўматлар жәмлескен улыўмалық баслама екенлиги белгили.

Басламаның сыпатлама түри. "Жети саяқ ҳәм аш дийқан" деп аталған турмыс ертеги усы басламаға ийе. «Бурынғы өткен заманларда бир аш дийқан турады екен. Дийқан қара күшиниң арқасында жақсы ишип-жеп өмир сүреди» екен делинеди, яғный тийкарғы қаҳарманның жәмийеттеги орны, кәсиби, характерли белгилери жөнинде сөз етиледи [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 380].

«Ақ кеўиллиниң аты озбайды, тоны тозбайды» ертеги де мынандай формулалар менен басланады: «Бурынғы өткен заманда бир бай болған екен, натуўрыға қас екен, туўрыға дос екен, оның үш баласы бар екен» [Қарақалпақ фольклоры., 1977. – 300].

Демек, бунда қаҳарманның характерли қәсийетлери менен биргеликте шаңарақ ағзаларына да дыққат қаратылады.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ халық ертеклериниң басламасында қолланылатуғын эпик формулалардың тутқан орны, олардың дәстүрийлик дәрежеси, ҳәр бир формуланың ертек текстинде атқаратуғын көркемлик ўазйпасы, олардың сюжет пенен ҳәм сюжетке байланыслы болмаған түрлерин т.б. үйрениў әҳмийетли мәселелердиң бири саналады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. Қарақалпақ халық ертеклери 1-2 томлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. II т. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

3. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

4. Қаракалпақ фольклоры. Көп томлық. 67-76-томлар. – Нөкис: Илим,. 2014.